

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Dina hirup kumbuh masarakat Indonesia utamana masarakat Sunda, kabudayaan geus mangrupa hiji hal anu teu bireuk deui. Di unggal nagara, di unggal daérah tangtu miboga titinggal kabudayaan buhun anu lolobana masih kénéh aya. Dina skripsi Nurdiansyah (2009, kc. 1) yén naskah buhun salaku warisan budaya anu neundeun sababaraha ragam aspék kahirupan anu diungkapakeun ku cara anu rupa-rupa ogé. Éta titinggal kabudayaan kuno téh di antarana mangrupa candi-candi, wangunan-wangunan heubeul, tempat suci, jeung karya-karya anu sipatna tinulis (naskah).

Baried, dkk. (1985, kc. 4) nétélakeun yén karya-karya anu sipatna tinulis atawa anu sok disebut naskah téh mangrupa hiji hal anu sipatna konkret (dibaca kongkrit). Naskah-naskah anu aya di masarakat Sunda tangtuna bisa méré informasi ngeunaan kumaha masarakat Sunda dina nalika éta naskah ditulis, bisa ogé ngeunaan kabudayaan di hiji daérah atawa wilayah, ngeunaan kaagamaan, ngeunaan kasajarahana, jeung sajabana. Dumasar kana fakta di lapangan yén saenyana masih loba naskah-naskah Sunda anu can dipesék sarta diguar kalawan teleb. Tangtuna, ku sabab kiwari teu sagawayah jalma bisa maca, kurang pisan minat masarakat kana ngaguar naskah. Ku kituna perlu aya panalungtikan ngeunaan éta naskah, sangkan naskah anu mangrupa salah sahiji budaya urang sunda téh henteu leungit kitu waé.

Sabenerna loba tarékah anu bisa dilakukeun ku masarakat pikeun miara titinggal kabudayaan utamana naskah Sunda sangkan nepi ka teu leungit kasilih ku kamajuan jaman. Éta tarékah téh salah sahijina ku ngayakeun panalungtikan kana naskah Sunda. Ngaliwatan panalungtikan, tangtuna bisa maham ngeunaan kabudayaan di tatar Sunda tina hasil sastrana boh lisan boh tinulis, maham makna

Rini Andriani Sasmita, 2015

TRANSLITERASI JEUNG ANALISIS STRUKTURAL

DINA NASKAH BABAD GALUH PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA CARITA BUHUN DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

jeung fungsi téks keur masarakat nu nyiptakeunanana, ngaguar sajarah kajadian téks jeung sajarah kamekaranana.

Naskah téh mangrupa bagian tina titinggal kabudayaan, hal anu penting lianna nya éta naskah perlu dijaga salaku pakaya kabudayaan masarakat hususna masarakat Sunda. Lian ti éta aya kasadaran pikeun silih ajarkeun ngeunaan aksara-aksara Sunda (aksara Sunda Kuno, Cacarakan, Arab atawa Pégon, aksara buda atawa gunung) anu mémang dipaké dina mangsa harita. Ku sabab kitu, tina kaawaman masarakat Sunda kana aksara anu dipaké dina naskah-naskah Sunda nepi ka ayeuna naskah Sunda masih kénéh aya anu can diguar. Ieu hal katitén ayana naskah anu aya di masarakat tur nu aya di museum-musium anu masih kénéh aya naskah anu can diguar. Padahal naskah Sunda anu aya di masarakat sakitu lobana, katitén unggal daérah gé miboga sababaraha naskah boh anu geus diguar boh anu acan. Saupama dihiijikeun, naskah-naskah anu aya di tatar Sunda téh geus teu kaitung, komo mun ditataan hiji-hiji.

Di wewengkon Ciamis, aya sawatara naskah anu sumebar di masarakat di antarana aya Babad Cirebon, Wawacan Babad Gandasari, Babad Galuh, Raden Kian Santang, jeung Babad Panjalu. Naskah wawacan Babad Galuh mangrupa salah sahiji naskah anu eusina ngeunaan kaayaan Galuh (Ciamis ayeuna mah). Dina ieu naskah digunakeun pégon. Ieu naskah eusina nyaritakeun ngeunaan kumaha sajarah Galuh dina mangsa harita.

Ieu naskah ngeunaan Babad Galuh téh maké aksara pégon (huruf Arab). Ruhailiah (2012, kc.19) nétélakeun yén aksara pégon téh mangrupa aksara Arab anu digunakeun keur nulis basa Sunda jeung basa Jawa anu dina prak-prakanana geus dimodifikasi, disaluyukeun jeung tata foném basa Sunda. Nyalin/nulis naskah Sunda ngagunakeun aksara pégon nempatan tataran paling loba diantara nu séjénna (Ruhailiah, 2012, kc. 1).

Saenyana mah nu ngalaksanakeun panalungtikan ngeunaan naskah Babad Galuh téh lain anu munggaran, tapi saméméhna aya anu kungsi nalungtik ngeunaan Babad Galuh diantarana ti UNPAD (Univérsitas Padjajaran) ku Tetet Widiyanti (1991) anu judulna “Babad Galuh Satu Kajian Filologis”. Anapon bahasanna sarua ngeunaan naskah Babad Galuh, tapi naon-naon anu ditalungtik tina éta naskah téh béda. Ari dina panalungtikan saméméhna mah nalungtik ngeunaan kajian atawa ulikan ngaliwatan tilikan filologis, ngulik kumaha basa jeung hurup-hurup anu dipaké dina éta naskah. Naskah anu ditalungtikna gé nya éta naskah Babad Galuh varian Tasikmalaya. Sedengkeun dina ieu panalungtikan ngatransliterasikeun jeung nganalisis unsur struktural dina naskah Babad Galuh katut dipatalikeun kana bahan pangajaran maca Carita Buhun di SMA kelas XII. Salian ti éta, aya sababaraha panalungtikan ngeunaan analisis struktural tapi objékna béda, diantarana *Analisis Struktural jeung Ajén Budaya Wawacan Babad Cirebon* (Darnia, 2004), *Ajén Struktural Wawacan Rara Mendut* (Rosmayanti, 2008), *Wawacan Abu Nawas: Transliterasi jeung Analisis Struktural Semiotika* (Déwi, 2012), sarta *Transliterasi jeung Analisis Struktural naskah Wawacan Gandamanah* (Euis, 2014).

Panalungtikan naskah Babad Galuh téh dipatalikeun jeung bahan pangajaran maca di SMA kelas XII, ngeunaan materi ajar maca Carita Buhun anu dumasar kana SKKD.

Tina sababaraha tinimbangan, ku kituna diayakeun panalungtikan ngeunaan ieu naskah. Ieu panalungtikan dibéré judul “Transliterasi jeung Analisis Struktural dina Naskah Babad Galuh pikeun Bahan Pangajaran Maca Carita Buhun SMA Kelas XII”. Ieu bahan panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat pikeun masarakat sacara umum, ogé pikeun ngaronjatkeun kualitas pangajaran di sakola boh di luar sakola.

1.2 Rumusan Masalah

Rini Andriani Sasmita, 2015

TRANSLITERASI JEUNG ANALISIS STRUKTURAL

DINA NASKAH BABAD GALUH PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA CARITA BUHUN DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dumasar kana masalah di kasang tukang saméméhna, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha déskripsi naskah Babad Galuh?
- b. Kumaha transliterasi naskah Babad Galuh?
- c. Kumaha struktur carita naskah Babad Galuh?
- d. Luyu atawa henteuna dijadikeun alternatif bahan pangajaran di SMA ?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dina unggal panalungtikan geus tangtu miboga tujuan anu rék dihontal. Kitu deui dina ieu panalungtikan. Ieu panalngtikan miboga tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nya éta pikeun mikanyaho déskripsi Babad Galuh ku transliterasi jeung analisis struktural dina naskah Babad Galuh tur ngajukeun alternatif bahan pangajaran maca carita Buhun SMA kelas XII anu dipiharep bisa ngaéféktifkeun kagiatan pangajaran.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nya éta:

- a. Ngadéskripsikeun naskah Babad Galuh.
- b. Ngatranslitrasi naskah Babad Galuh.
- c. Nganalisis struktur carita naskah Babad Galuh.

Rini Andriani Sasmita, 2015

TRANSLITERASI JEUNG ANALISIS STRUKTURAL

DINA NASKAH BABAD GALUH PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA CARITA BUHUN DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- d. Luyu henteuna diayakeun alternatif bahan pangajaran carita buhun di SMA kelas XII.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat dina ieu panalungtikan kabagi kana mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngeuyeuban élmu pangaweruh nu patalina jeung karya sastra, eusina naskah ngeunaan kumaha eusi carita Babad dumasar kana naskah-naskah anu aya sumebar di masarakat tur bisa ngajaga kana éksisténsi tina warisan karuhun anu aya dina naskah-naskah buhun.

1.4.2 Mangpaat Praktis

- a. Pikeun masarakat, bisa mikanyaho yén sabenerna di lingkungan urang masih kénéh aya warisan anu mémang kudu dijaga éksisténsina salah sahijina nya éta naskah-naskah klasik.
- b. Pikeun panalungtik, ieu panalungtikan bisa dijadikeun acuan leuwih mikawanoh jeung leuwih ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan naskah klasik anu aya di tatar Sunda ogé anu sumebar di masarakat.
- c. Pikeun guru, bisa dijadikeun salah sahiji alternatif bahan pangajaran nalika nepikeun eung medar ngeunaan carita buhun ka peserta didik di sakola.
- d. Pikeun murid, bisa méré pangaweruh ngeunaan matéri carita buhun anu ditepikeun ku guru.

1.5 Raraga Tulisan

Rini Andriani Sasmita, 2015

TRANSLITERASI JEUNG ANALISIS STRUKTURAL

DINA NASKAH BABAD GALUH PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA CARITA BUHUN DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

BAB I Bubuka, mangrupa bab anu ngawanohkeun naon waé hal-hal anu jadi kasang tukang, tujuan, jeung mangpaat dina ieu skripsi. Dimana dina kasang tukang panulis gabahas ngeunaan alesan dilaksanakeunana panalungtikan naskah Babad Galuh, sarta tujuan jeung mangpaat transliterasi katut nganalisis struktural tur jadi bahan alternatif pikeun bahan pangajaran maca carita buhun.

BAB II Kajian Pustaka nunjukeun “the state of the art” tina tiori anu dikaji sarta kalungguhan masalah panalungtikan dina widang anu ditalungtik. Anu eusina ngawangun ulikan tiori, hakékat transliterasi, naskah, babad, jeung struktur. Dina bab II ogé dibahas ngeunaan panalungtikan saméméhna anu rélevan jeung widang anu ditalungtik, kaasup prosedur, subyék jeung hal-hal anu kapanggih dina ngalaksanakeun panalungtikan.

BAB III Méthode Panalungtikan medar ngeunaan desain panalungtikan pikeun mikawanoh kumaha panalungtik ngararancang galur panalungtikan ti mimiti pamarekan panalungtikan nu dilarapkeun, instrumen anu dipaké, téhnik ngumpulkeun data, sarta nepi ka téhnik ngolah data.

BAB IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran ngabahas hasil panalungtikan dumasar kana hasil pengalohan jeung analisis data, sarta ngabahas pedaran panalungtikan pikeun ngajawab panalungtikan anu geus dirumuskeun saacanna. Dimana dina ieu panalungtikan bisa kapanggih hasil transliterasi jeung analisis struktural dina naskah Babad Galuh tur alternatif bahan pangajaran maca carita buhun tina ieu naskah.

BAB V Kacindekan jeung Saran midangkeun kacindekan jeung saran hasil panalungtikan kana hasil analisis hal-hal anu kapanggih dina panalungtikan sakaligus ngajukeun hal-ha anu dianggap bisa méré pangaweruh jeung informasi keur pamaca.

Rini Andriani Sasmita, 2015

TRANSLITERASI JEUNG ANALISIS STRUKTURAL

DINA NASKAH BABAD GALUH PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA CARITA BUHUN DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu